Lekòl Enklizif
Gid Sipò pou Elèv

Believe, Empower, Achieve

Kwè, Vin Otonòm, Akonpli

ONE BROWARD

Established 1915
BROWARD
County Public Schools

Tab Matyè Yo

I. **Entwodiksyon** 2
   a. Rezime Ekzekitif
II. **Gid Enplemansyon** 3
III. **Rezime Aksyon pou Sipòte Jenn Yo** 4
IV. **Aksyon pou Sipòte Jenn Yo** 6
   a. ADA/Section 504/IDEA 6
   b. Bullying ak Arasman 6
   c. Enstriksyon nan Saldeklas 7
   d. Klib ak Òganizasyon 8
   e. Kòd Abiman 9
   f. Soti Edikatif - Field Trips 9
   g. Non ak Pwonon 10
   h. Patisipasyon nan Espò 11
   i. Espresyon Relijye ak Pratk 11
   j. Twalèt/Vestyè 12
   k. Vi Prive Elèv 12
   l. Title IX 13
V. **Anèks A** – Fòm Otorizasyon Paran/Gadyen Legal pou Pwogram Paraskolè ak Pwogram Siplemantè Apre Lè Regilye Lekòl 14
VI. **Anèks B** – PreK-12 Fòm Demann Tit ak Pwonon Prefere 16
VII. **Anèks** – Resous Sipò 18
VIII. **Anèks D** – Settlement Agreement 3.11.24- Akò 11.3.24 19

Deklarasyon Nondiskriminasyon School Board of Broward County (SBBC)

School Board of Broward County, Florida, entèdi direktiv oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka telefone Direktè depatman, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kowòdonatè Ekite Distri/Kowòdonatè Title IX, nimewo telefòn 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.

School Board of Broward County Policy 4001.1

BED<ht/is/11/25>Document translated by the Bilingual/ESOL Department (11/25)

Entwodiksyon

Lekòl Piblik Broward County/*Broward County Public Schools* "pran angajman edike tout elèv li yo atenn wo potansyèl." Kreye yon anviwonnman sekirite epi enklizif trèz enpòtan pou reyisit nan etid epi reyisit pèsonèl elèv. Malerèzman tout rechèch yo montre popilasyon elèv ki pi vilnerab ap fè fas a aksyon bullying, arasman, epi kamarad klas yo, menm pwofesè yo ka ekskli elèv sa yo. Tout aksyon ka afekte sante mantal yo ak rezilta akademik.

Kreye yon anviwonnman eskolè enklizif ekzije administratè, pwofesè, anplwaye, ak elèv adopte nan kondwit yo karakteristik uit karaktè, sitwayennte, kowoperasyon, onètete, jantiyès, respè, responsablite, sanfwa, ak tolerans. Sa enkli direktiv esplisit ki entèdi diskriminasyon baze sou sèks, ras, koulè, relijyon, nasyonalite, laj, andikap (fizik, mantal, oswa edikasyonèl), eta sivil, milye sosyo-ekonomik, zansèt, etnisite, enfòmasyon jenetik, sèks, idantite oswa espresyon seksyèl, preferans lengwistik, konviksyon politik, oryantasyon seksyèl, oswa milye sosyal/familyal. Li trèz enpòtan pou founi elèv resous ak sipò epitou ofri anplwaye ak elèv trening ak edikasyon sou kesyon kritik.

Rezime Analitik:

Tout elèv andwa santi yo an sekirite nan anviwonnman aprantisaj yo, kreye yon atmosfè enklizif epi sipòtan ka gen enpak pozitif siyifikatif nan reyisit akademik epi reyisit pèsonel yo.

Gid sa sipò pou elèv se yon resous itil ki favorize yon apwòch konpreyansif pou kreye yon atmosfè pozitif pou tout elèv san esepsyon. Gid la gen ladann pwen daksyon pou pwofesè, anplwaye, elèv, ak fanmi travay ansanm nan fè pwomosyon karakteristik uit karaktè Distri a nan lekòl yo.

Lè yap enplemante lwa ak direktiv Federal, Leta epi lokal konsènan arasman ak diskriminasyon, lekòl yo dwe asire elèv yo alafwa pwoteje epi sipòte. Aplike lwa ak direktiv sa yo ka ede adrese pwoblèm konsènan aksyon bullying, stigmatizasyon, diskriminasyon, ki ka afekte negativman sante mantal ak rezilta eskolè tout elèv.

Gid Enplimentasyon

Li enpòtan pou lidèchip ak pèsonèl lekòl la itilize Gid Sipò pou Elèv Lekòl Enklizif Lekòl Piblik Broward County [*Broward County Public Schools' Inclusive Schools Student Support Guide*] avèk yon apwòch santre sou elèv. Lidèchip ak pèsonèl lekòl la dwe fokis tou sou patisipasyon ak angajman paran lè yap navige bezwen inik jenn nou yo. Gid la founi pwen daksyon pou administratè, pwofesè, ak anplwaye pou favorize yon anviwonnman aprantisaj an sekirite epi enklizif pou tout elèv. Itilizasyon gid sa, ansanm ak pwen daksyon, ap asire esperyans elèv yo ekitab epi jis nan lekòl yo epitou trete tout pwoblèm avèk konsistans. Distri a ankouraje administratè, pwofesè, ak anplwaye itilize gid la pou pwomouvwa yon atmosfè eskolè an sekirite epi sipòtan kote tout elèv yo ka epanwi.

Li esansyèl nenpòt chanjman oswa modifikasyon nan sèvis oswa siveyans elèv dwe fèt ak konsantman paran. Sa ap asire paran enfòme epi ap patisipe nan edikasyon ak byennèt pitit yo.

Li enpòtan note gid sa pa destine oswa prepare pou yo itilize li nan “enstriksyon saldeklas” oswa nan kad kourikoulòm preskolè rive 12zyèm ane. Pwofesè ak anplwaye ta dwe itilize bon jijman pwofesyonèl yo, avèk sipò administrasyon, lè yap chache resous, zouti, oswa materyèl, pou laj apwopriye, yo ka itilize nan saldeklas.

Tanpri note definisyon enpòtan sa yo klarifye nan SETTLEMENT AGREEMENT of 3.11.24 (Akò 11/3/24) epi wap jwenn yo nan gid sa pou asiste tout anplwaye distri konprann mye siyifikasyon yo nan kontèks sipò ak asistans elèv:

- **Enstriksyon** – “aksyon, pratik, oswa pwofesyon ansèyman.”
- **Enstriksyon nan Saldeklas** – “travay anseye fòmèlman nan anviwonnman saldeklas.”

Pou gidans ak sipò adisyonèl, tanpri si ou bezwen asistans kontakte.

Kontak Enfòmasyon:
Department of School Culture and Student Support
754-321-1600

BED<ht/is/11/25>Document translated by the Bilingual/ESOL Department (11/25)

Rezime Aksyon pou Sipòte Jenn Yo

Topik	Rezime
Americans with Disabilities Act (ADA)/ Section 504/Individuals with Disabilities Act (IDEA)	Lwa pou Ameriken Andikape (ADA)/Section 504/Lwa pou Moun Andikape (IDEA). Twa lwa Federal sa yo ofri ekite pou moun andikape. Kolektivamn, yo asire aksè egal pou yon edikasyon ekitab, gratis epi apwopriye, akomodasyon ak adaptasyon rezonab, enstriksyon spesyalize ak sèvis asosye; chak lwa ofri dispozisyon ki mansyone.
Bullying/Arasman	Akizasyon ak sikonstans aksyon bullying (ikonpri arasman seksyèl) ap trete selon direktiv SBBC Policy 5900.
Enstriksyon nan Saldeklas	Lwa Florida Statute 1001.42(8)(c)3 ak Règ Prensip Kondwit Pwofesyonèl pou Pwofesyon Edikasyon *[Rule 6A-10.81 Principles of Professional Conduct for the Education Profession]* mete restriksyon sou enstriksyon nan saldeklas sou oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl apati preskolè rive 12zyèm ane. *The SETTLEMENT AGREEMENT of 3/11/2024* (Akò 11/3/24) pote anpil klarifikasyon pou anplwaye lekòl nan domenn "enstriksyon nan saldeklas," "fè yon referans nan saldeklas," "non-diskriminasyon," "twazyèm pati," "deba," "fanmi," "bullying," "aktivite paraskolè," epi liv bibliyotèk." Ou ka jwenn okonplè Akò a nan Anèks D.
Klib ak Òganizasyon	Tout elèv gen dwa kreye epi patisipe nan klib ki respekte direktiv SBBC ki reji Klib ak Òganizasyon (SBBC Policy 5201 ak Policy 6205). Sa enkli, men pa limite ak, klib oswa òganizasyon, fonde sou divès kwayans relijye ak òganizasyon deziye pou ras/etnisite/idantite (egzanp, Black Student Union, Latinos in Action, Muslim Student Association, Gay/Straight Alliance, etc.).
Kòd Abiman	Tout elèv dwe abiye yon fason konfòm ak eritaj etnik yo, kilti yo, ak/oswa espresyon seksyèl, men yo dwe respekte direktiv konsènan kòd abiman Distri a lè yo prezan lekòl epi lè yap patisipe nan evènman ak aktivite lekòl la òganize, ikonpri bal ak sware dans.
Soti Edikatif	Soti edikatif (Field trips) ka yon pati entegral pwosesis aprantisaj nan plizyè domenn edikasyon. Yap bay tout elèv kòm

Topik	Rezime
	dwa opòtinite egal patisipe nan tout aktivite sosyal ak/oswa paraskolè ke lekòl la patwone. Pou elèv kalifye, kondisyon dwe satisfè. Mete disponib epi fasilite akomodasyon ak adaptasyon pou tout elèv kalifye ale epi patisipe nan yon fason an sekirite epi ekitab.
Non ak Pwonon pou Elèv	Anplwaye lekòl ap respekte itilize non chwazi, non prefere, oswa ti non epi ap trete non itilize selon direktiv ak konsèy anba a. Pou paran ki vle yo itilize non prefere pitit li, sito nou resevwa konsantman alekri, anplwaye ap respekte demann sa annakò ak direktiv anba a nan paj 10. Konfòmeman ak F.S. §1000.071, pwofesè ak anplwaye pa dwe mande tit oswa pwonon pèsonèl prefere.
Patisipasyon nan Espò	Fla. Stat. §1006.205 estipile kouman elèv ka patisipe nan espò nan lekòl.
Espresyon Relijye ak Pratik	Elèv yo ka esprime kwayans relijye yo nan lekòl la annakò ak Direktiv School Board Policy 5000.
Twalèt/Vestyè	SBBC separe twalèt ak vestyè pou itilizatè miltip selon sèks alanesans. Twalèt ak/oswa vestyè miltip adapte pou itilizatè-sèl, inisèks pa ladann.
Vi Prive Elèv	Tout elèv gen dwa a vi prive yo epi yo dwe respekte lavi prive yo. Selon definisyon FERPA apwouve, lekòl la pap janm pataje okenn enfòmasyon pèsonèl konsènan yon elèv san paran li pat bay konsantman anvan, oswa lekòl la pap pataje enfòmasyon yon elèv ki elijib konsidere kòm yon minè emansipe, oswa yon elèv ki gen pliske 18 lane, esepte si lalwa otorize sa.
Title IX	Title IX spesifye okenn moun nan peyi Etazini pa dwe, baze sou sèks li, ekskli patisipe, refize benefis, oswa sibi diskriminasyon nan pwogram edikatif oswa aktivite kap resevwa asistans finansyè Federal.

Americans with Disabilities Act (ADA)/Section 504/Individuals with Disabilities Act (IDEA)

[Lwa pou Ameriken Andikape (ADA) Seksyon 504/Lwa pou Moun Andikape (IDEA])

Anwo paj la gen twa lwa Federal ki deziye; yo chak bay moun andikape dwa ekite. Kolektivman, lwa sa yo asire aksè a edikasyon ekitab, gratis epi apwopriye, adaptasyon, akomodayson rezonab, enstriksyon spesyalize ak sèvis asosye, epi pwosedi ki garanti dwa; chak lwa ofri dispozisyon ki mansyone.

Dapre lwa federal, yo akòde elèv andikape pwoteksyon pou asire aksè ekitab a tout aspè esperyans edikasyonèl. Tout dispozisyon lalwa esplike nan gid sa aplikab nan sitiyasyon elèv andikape. Administratè dwe fè tout efò pou kreye yon anviwonnman eskolè enklizif, lè yo fè elèv andikape patisipe nan tout aspè esperyans edikasyonèl kamarad klas yo gen aksè. Diplis, yo atann aske tout lekòl yo gen yon gwoup konseye kamarad klas/*peer mentoring group*, pou sipòte epi ede elèv andikape plis.

Bullying ak/oswa Arasman

Direktiv SBBC Policy 5900 trete kesyon akizasyon ak sikonstans lè gen aksyon bullying vledi entimide, agrese, etc. ak/oswa arasman.

SBBC kwè tout manm Konsèy Edikasyon, anplwaye Distri, elèv, ajan, konsiltan, kontraktè, vizitè, volontè, oswa lòt moun andwa fè yon esperyans eskolè pwoteje, ekitab, epi lib de tout arasman. Kèlkeswa rezon an, yo pap tolere aksyon bullying, arasman, arasman seksyèl, oswa diskriminasyon epi rezon sanksyon oswa aksyon disiplinè aplikab. Yo dwe entèprete direktiv SBBC Policy 5900 aplikab konfòmeman ak lwa Leta epi Federal, epi konvansyon kolektif Konsèy la apwouve. Tout kondwit ki raple aksyon bully, arasman, arasman seksyèl, oswa diskriminasyon, selon definisyon nan direktiv sa, entèdi. Deklarasyon nondiskriminasyon SBBC, SBBC Policy 4001.1, adrese ki kondisyon yo konsidere kòm diskriminasyon kont kategori moun ki pwoteje selon definisyon Federal, Leta, epi lokal.

Resous, enfòmasyon, ak trening disponib sou paj web depatman School Culture and Student Support Department, sit https://www.browardschools.com/Page/36252. Sipò adisyonèl disponib, telefone nan nimewo 754-321-1655.

Enstriksyon nan Saldeklas

Lwa Florida Statute 1001.42(8)(c)3 ak Règ Prensip Konwit Pwofesyonèl pou Pwofesyon Edikasyon [Rule 6A-10.81 Principles of Professional Conduct for the Education Profession] mete restriksyon sou enstriksyon nan saldeklas sou oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl apati klas preskolè rive 12zyèm ane. The SETTLEMENT AGREEMENT of 3/11/2024 (Akò 11/3/2024) pote anpil klarifikasyon pou anplwaye lekòl nan domenn "enstriksyon nan saldeklas," "fè yon referans nan saldeklas," "non-diskriminasyon," "twazyèm pati," "deba," "fanmi," "bullying," "aktivite paraskolè," ak liv bibliyotèk." Ou ka jwenn okonplè Akò a (SETTLEMENT AGREEMENT) nan Anèks D.

Lwa Florid entèdi ansèyman oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl nan yon anviwonnman saldeklas. Apre Gouvènè a te siyen nan lane 2022 lwa dwa paran nan Edikasyon [Parental Rights in Education Act (HB1557)], yo te entwodi yon pwosè pou rete pwomilgasyon lwa a. Depi lè sa, yon akò te siyen ant pati yo. Nan akò a, Leta Florid te pran plizyè pozisyon sou pòte ak siyifikasyon lwa a. Ou ka jwenn okonplè akò a nan Anèks D; sepandan, pou rezime kontni akò a, deklarasyon anba a pwobableman **PA** konsidere pou enstriksyon nan saldeklas, oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl, kifè, yo ***otorize***:

- Korije oswa kòmante yon devwa sou yon topik (sijè) ke elèv la chwazi, aseptab tou si elèv la chwazi li-menm topik oryantasyon seksyèl ak/oswa idantite seksyèl;
- Kenbe yon foto fanmi pwofesè a sou biwo pwofesè a oswa fè referans a pwòp mari/madanm ou oswa fanmi oswa timoun;
- Si ou se yon konseye pedagojik GSA (Gay Straight Alliance/Gender Sexuality Alliance);
- Si ou se yon Safe Badge holder (pote badj sekirite) epi mete badj la atache a yon chenn (lanyard);
- Poste yon "safe space" (espas sekirite) oswa yon otokolan akansyèl (rainbow sticker) ak/oswa pote yon bouton, pin akansèl, etc;
- Entèvni lè yap arase oswa entimide (bully) yon elèv paske yo idantifye li kòm LGBTQ+ oswa yo pèsevwa li kòm LGBTQ+;
- Reponn elèv lè yap diskite fanmi oswa lavi yo ak fanmi;
- Fè referans a idantite LGBTQ nan literati;
- Liy ki fè referans a pwoblèm LGBTQ nan komedi mizikal, pyès teyat, oswa lòt pèfòmans; epi
- Libète pou elèv esprime yo.

Yo ankouraje tout anplwaye Distri a fè lekti an antye akò a nan Anèks D, paske anèks la gen definisyon adisyonèl epi ekzanp konkrè; nou sèlman ofri yon rezime de lwa a. Pwofesè ak anplwaye ta dwe egzèse bon jijman pwofesyonèl lè yap adrese kesyon oswa bezwen elèv yo. Demenm, pwofesè ak estaf dwe konsilte ak lidèchip lekòl la si gen kesyon oswa sou leson oswa pratik anndan saldeklas yo. Diplis, anplwaye ka kontakte depatman Department of School Culture and Student Support pou asistans si yo gen kesyon oswa enkyetid.

Klib ak Òganizasyon

Tout elèv gen dwa kreye epi patisipe nan klib ki respekte direktiv SBBC ki reji Klib ak Òganizasyon (SBBC Policy 5201 ak Policy 6205). Sa enkli, men pa limite ak, klib oswa òganizasyon, fonde sou divès kwayans relijye ak òganizasyon deziye pou ras/etnisite/idantite (egzanp, Black Student Union, Latinos in Action, Muslim Student Association, Gay/Straight Alliance, etc.).

Yo te kreye klib ak òganizasyon eskolè mansyone anwo a grasa inisyativ elèv yo epi pèmèt elèv ki pataje yon enterè komen reyini ansanm epitou òganize evènman oswa diskisyon baze sou enterè sa. Klib ak òganizasyon sa yo konpoze de elèv nenpòt ras, etnisite, kwayans relijye, oryantasyon seksyèl, ak/oswa idantite seksyèl. Anfèt, anpil manm ki patisipe nan klib soti de milye ak kwayans diferan, manm alye oswa vle alye ak manm ki viv diferan esperyans. Patisipasyon nan klib moun ki soti nan diferan milye ak idantite pwomote divèsite, aseptans ak devlopman nouvo pèspektiv.

Paran gen dwa enfòme yo sou nati epi bi klib ak aktivite yo ofri nan lekòl pitit yo, pouvike pitit la minè. Aktivite paraskolè ladann tou. Pou asire paran byen enfòme, nou rekòmande lekòl yo pibliye sou sit entènèt yo enfòmasyon anrapò ak aktivite paraskolè chak klib, aktivite lekòl la ofri elèv li yo. Diplis, règ Rule 6A-10.089, F.A.C. ekzije lekòl la gen otorizasyon paran pou patisipasyon elèv nan evènman ak aktivite lekòl la patwone, klib paraskolè ak opòtinite aprantisaj pwolonje ladann tou. Yon fòm otorizasyon pou tout klib ak aktivite dwe klase nan dosye nenpòt elèv patisipan; konsilte Appendix A. (Anèks A). Fòm otorizasyon dwe enkli, ominimòm, enfòmasyon swivan:

1. Nati evènman oswa aktivite.
2. Dat ak lè evènman oswa aktivite.
3. Lokasyon spesifik ak kalite esponsò/envite kap patisipe nan evènman oswa aktivite an.

4. Metòd sipèvizyon/siveyans elèv, ekzanp kantite chapewon, moun yo prevwa kap akonpaye elèv yo.

Kòd Abiman

Tout elèv yo dwe abiye yon fason konfòm ak eritaj etnik yo, kilti yo, ak/oswa espresyon seksyèl men yo dwe respekte direktiv kòd abiman Distri a lè yo prezan lekòl epi lè yap patisipe nan evènman ak aktivite lekòl la òganize, ikonpri bal ak sware dans.

Elèv yo dwe mete rad, vètman, chapo, ak/oswa bijou eritaj etnik ak kilti yo pouvike yo respekte règ kòd abiman nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv. Diplis, annakò ak direktiv Liv Kòd Kondwit pou Elèv, "tout elèv gen dwa chwazi mete vètman chik akondisyon rad yo apwopriye pou lekòl, pa konsidere kòm yon danje pou sante ak sekirite, epi pa kreye dezòd enpòtan epi materyèl nan fonksyonnman lekòl la."Liv Kondwit pou Elèv esplike kòd abiman neutr, pa dirije sou yon sèl sèks, epi nòm yo pou tout elèv. Yon lekòl ki gen yon kòd inifòm dwe swiv règ SBBC Policy 5309: School Unified Dress.

Kòd abiman gen direktiv ak politik aplikab pou abiman elèv, pa ranfòse mezi disiplinè ki ka afekte elèv yo yon fason diskriminatwa oswa inegal.

Soti Edikatif

Soti edikatif (field trips) ka yon pati entegral pwosesis aprantisaj nan plizyè domenn edikasyon. Tout elèv garanti dwa benefisye chans ak opòtinite egal patisipe nan tout aktivite sosyal ak/oswa paraskolè lekòl la òganize depi yo ranpli tout kondisyon pou patisipe. Yo dwe prevwa adaptasyon ak akomodasyon rezonab pou pèmèt elèv ki kalifye prezan epi patisipe nan yon fason an sekirite epi ekitab.

Direktiv SBBC Policy 6310 Field Trips reji soti edikatif nan Lekòl Piblik Broward County. Administrasyon lekòl la dwe kolabore ansanm ak elèv epi fanmi elèv ki kalifye pou asire tout adaptasyon ak akomodasyon dwe fèt pou pèmèt elèv prezan epi patisipe totalman, ikonpri elèv andikape. Adaptasyon ak akomodasyon rezonab ka enkli, men pa limite ak, mwayen transpò chèz woulant aksesib, enfimyè, epi èd adisyonèl. Soti edikatif ki nesesite elèv pase plizyè jou deyò, ekzije ebèjman, mizanplas dòtwa non miks pou elèv, yon sèl sèks nan dòtwa. Sou fòm

otorizasyon sòti òganize, yo distribye bay paran, presize si nan chanm yo, elèv yo separe selon sèks biyolojik yo alanesans.

Non ak Pwonon Elèv

Anplwaye lekòl ka respekte itilize non chwazi, non prefere, oswa ti non, yon elèv, epi trete non itilize yon fason konstan selon direktiv ak konsèy anba a. Pou paran ki vle yo itilize non prefere pitit li, sito nou resevwa konsantman alekri, anplwaye ka respekte demann sa annakò ak direktiv anba a. Konfòmeman ak F.S. §1000.071, pwofesè ak anplwaye pa dwe mande yon elèv founi tit oswa pwonon pèsonèl prefere.

Yon moun seleksyone non chwazi, non prefere, oswa ti non, pou yo itilize li nan plas non legal li. Ak konsantman paran, edikatè dwe respekte demann elèv si yo esprime dezi itilize yon non ki diferan de non yo te enskri (Rule 6A-1.0955, F.A.C.). Chak ane, paran ka konplete kat Kontak nan ka ijans/Emergency Contact Card, epi bay konsantman li. Sito konsantman alekri konplete, sistèm enfòmasyon elèv (SIS) ap ajou pou reflete non chwazi, prefere, oswa ti non elèv la sou tout dokiman non-ofisyèl. Kit òdonans tribinal chanjman non legal soumèt osnon pa soumèt, tout dokiman non-ofisyèl ak kominikasyon vèbal ta dwe reflete non prefere oswa ti non elèv la.

Pou paran ki ta renmen yo itilize pwonon prefere pitit yo, sito apre yo soumèt konsantman alekri, anplwaye ka respekte demann sa; sepandan, anplwaye pa blije respekte demann la. Paran ka obteni konsantman si yo vizite lekòl la epi ranpli fòm demann konsantman ki apwopriye, gade Anèks B (Appendix B). Si yon elèv mande yo itilize pwonon ki diferan de pwonon ki koresponn a sèks alanesans, enfòme elèv la mande paran li vizite lekòl epi konplete tout dokimantasyon ki ekzijib. Konfòmeman ak atik lwa F.S. §1000.071, pwofesè ak anplwaye pa dwe mande yon elèv bay tit oswa pwonon pèsonèl prefere li.

Okenn modifikasyon non legal yon elèv ak/oswa makè sèks (gender marker) pa dwe fèt sou dokiman ***legal ofisyèl***, ikonpri rapò pou Leta ak relvenòt/transkrip, san dokimantasyon legal apwopriye, vledi òdonans tribinal, modifikasyon akdenesans, oswa paspò. Apre lekòl la resevwa dokimantasyon legal apwopriye, dosye ofisyèl nan sistèm enfòmasyon elèv (SIS) Distri a, ap ajou pou reflete nouvo non legal elèv la ak/oswa makè sèks (gender marker) pou itilize nan dosye ofisyèl.

Patisipasyon nan Espò

Lwa Fla. Stat. § 1006.205 deklare kouman elèv ka patisipe nan espò (athletics) nan lekòl la.

Konfòmeman ak lwa Florida Statute §1006.20, *Florida High School Athletic Association (FHSAA*)/Asosiyasyon Espò Ayskoul Florid, deziye kòm yon òganizasyon a bi non likratif ki reji espò nan lekòl piblik Florid. FHSAA responsab adopsyon lwa epi fè pwomilgasyon règ konsènan kondisyon elijibilite pou tout elèv kap patisipe nan espò ayskoul nan Florid.

Nan mwa Jen 2021, lejislati Eta Florid te pwomilge lwa F.S. §1006.205(3)(a), ki deklare "ekip espò oswa espò deziye pou sèks feminen, fanm, oswa fi petèt pap asepte elèv sèks maskilen. Lwa a deklare, "ekip espò oswa espò deziye pou elèv sèks maskilen, gason, oswa gason, ka asepte elèv sèks feminen" (F.S. §1006.205(3)(b)). Lwa sa anpeche tout elèv fi transjanr patisipe nan espò konfòmeman ak idantite seksyèl yo/*gender identity*; sepandan, lwa a pa anpeche elèv gason transjanr patisipe nan espò konfòmeman ak idantite seksyèl yo.

Espresyon Relijye ak Pratik

Lwa Florida Statute 1002.206 ak Direktiv SBBC Policy 5000 adrese kesyon espresyon relijye nan lekòl piblik. SBBC adopte politik pa fè diskriminasyon kont yon elèv, paran, oswa anplwaye lekòl, baze sou pwenndvi relijye oswa espresyon relijye.

SBBC respekte dwa elèv esprime pwenndvi relijye yo menm fason li respekte pwennvi layik yo. Elèv yo ka esprime libreman kwayans relijye yo nan devwa, travay atistik, epi prezantasyon oral san yo pap fè fas a diskriminasyon, epi yap korije devwa selon estanda akademik, pa selon kontni relijye. Elèv yo ka mete vètman relijye, bijou, ak akseswa si ekivalan layik otorize. Yo pèmèt elèv yo patisipe nan aktivite relijye, ikonpri priyè ak òganize gwoup relijye, anvan, pandan, epi apre è regilye lekòl fonksyone, menm fason pou aktivite layik. Anplwaye SBBC ka patisipe nan aktivite relijye elèv-inisye andeyò tan enstriksyon, pouvike sa pap entèfere ak devwa epi responsablite yo, epi distri a dwe respekte lwa federal ki entèdi diskriminasyon kont relijyon. Yo akòde gwoup relijye aksè egal nan enstalasyon epi bildin lekòl, gwoup yo ka menm fè piblisite reyinyon menmjan ke gwoup layik. Diplis, SBBC dwe etabli yon fowòm piblik limite pou elèv kap pale nan evènman lekòl, asire pwenndvi relijye pa ekskli, seleksyon envite ki pral pale baze sou kritè neutr. Diskou/pale elèv yo dwe evite kontni ki pa apwopriye, epi SBBC dwe klèman deklare diskou yo pa reprezante pwenndvi distri a.

Lekòl la ap eskize elèv pou fèt relijye annakò ak School Board Policy 5.5: Attendance. Pou direktiv ak konsèy sou klib ak òganizasyon baze sou relijyon, konsilte seksyon anwo a Klib ak Òganizasyon.

Twalèt/Vestyè

Konsèy Edikasyon Broward County separe twalèt ak vestyè pou itilizatè miltip selon sèks alanesans. Twalèt ak/oswa vestyè adapte pou itilizatè-sèl, inisèks, pa ladann.

Lekòl Piblik Broward County ap asire mentnans ak siveyans twalèt epi vestyè pou garanti sekirite tout elèv. Anplis, twalèt pou milti-itilizatè, tout lekòl dwe mete aladispozisyon elèv yo aksè a twalèt itilizatè-sèl, twalèt inisèks. Nenpòt elèv ki vle pwoteje entimite li, yo ka ba-li aksè a yon twalèt inisèks oswa yon vestyè/espas adapte epi ekipe.

Tout kesyon anrapò ak izaj enstalasyon ak/oswa akomodasyon epi adaptasyon pou elèv spesifik ta dwe rezoud anfonksyon sitiyasyon elèv grasa dyalòg avèk elèv la, paran/gayden/caregiver (moun kap okipe elèv la) epi lidèchip lekòl/distri a pou asire anviwonnman an sekirite epi sipòtan.

Vi Prive Elèv

Tout elèv gen dwa a vi prive yo epi yo dwe respekte lavi prive yo. Selon definisyon FERPA apwouve, lekòl la pap janm pataje okenn enfòmasyon pèsonèl konsènan yon elèv san paran li pat bay konsantman anvan, oswa lekòl la pap pataje enfòmasyon yon elèv ki elijib, konsidere kòm yon minè emansipe, oswa yon elèv ki gen pliske 18 lane, esepte si lalwa otorize sa.

Paran oswa elèv ki elijib gen dwa deside ki lè, ak kilès, epi ki enfòmasyon prive epi pèsonèl yo ka pataje sòf si lalwa otorize otreman. Kòm elèv yo ap fè fas a divès sitiyasyon nan lekòl, konseye oryantasyon lekòl ta dwe chache konnen sipò, èd ak resous ki disponib pou ede asire elèv yo reyisi.

Alòske pifò elèv gen paran sipòtan, kap ede-yo, kèk elèv ka fè esperyans fanmi yo rejte yo pou divès rezon, tankou oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, ak/oswa kwayans relijye. Lòt rezon posib. Pou elèv ki fè esperyans fanmi rejte yo, li enpòtan pou ofri paran yo

ensike manm fanmi, asistans. Konsa nap asire yo ekipe ak zouti epi resous nesesè pou soutni pwòch yo. Objektif Distri a se toujou asire sekirite ak byennèt chak elèv. Ou ka konsilte resous pou paran ak fanmi nan Anèks C, Appendix C.

Okouran oryantasyon seksyèl yon elèv ak/oswa idantite seksyèl li, preyokipasyon sante, sekirite, oswa byennèt elèv la, pap yon rezon pou fè chanjman nan sèvis oswa siveyans. Pou paran/gadyen/caregiver (moun kap okipe elèv la), ki gen kesyon sou oryantasyon seksyèl ak/oswa idantite seksyèl epi si yo kontakte lekòl oswa Distri, pwofesè, epi anplwaye pa dwe entansyonèlman kache yon enfòmasyon esepte si yon moun pridan avèk rezon kwè divilgasyon enfòmasyon ka lakòz abi, anbandonnman, oswa neglijans, selon jan lalwa defini mo sa yo.

Yo dwe ankouraje elèv yo pale ak paran yo sou enfòmasyon sansib epi pèsonèl. Mete disponib pou tout fanmi san esepsyon resous sizoka fanmi gen kesyon konsènan pitit li.

Title IX

Title IX spesifye okenn moun nan peyi Etazini, pa dwe, baze sou sèks, ekskli patisipe, refize benefis, oswa sibi diskriminasyon nan pwogram edikatif oswa aktivite kap resevwa asistans oswa èd finansyè Federal.

Sa yo fè pou yon sèl elèv, fè menm bagay la pou tout lòt elèv pou sa ki konsène tretman egal baze sou sèks. Ekzanp, si ou asepte non/ti non prefere yon elèv, ou dwe asepte non/ti non prefere pou tout lòt elèv, si paran yo depose/soumèt yon demann. Se yon bon egzanp ki ilistre dispozisyon lwa Title IX. Anplwaye Distri/lekòl pap fè diskriminasyon baze sou sèks kèlkeswa sikonstans la.

Appendix A/Anèks A

Afterschool Club/Activity Parent/Legal Guardian Authorization Form

THE REMAINDER OF THIS PAGE HAS BEEN LEFT INTENTIONALLY BLANK.

BED<ht/is/11/25>Document translated by the Bilingual/ESOL Department (11/25)

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Fòm Otorizasyon Paran/Gadyen Legal pou Pwogram Paraskolè ak Pogram Siplemantè Apre Lè Regilye Lekòl

Ekzijib pou patisipasyon nan tout klib, evènman, aktivite oswa pwogram siplemantè apre lè regilye lekòl

Non Elèv la: _____Telefòn:_____

Non Klib/Aktivite/Evènman: _____

_____

_____

Deskripsyon oswa nati klib, aktivite oswa evènman: _____

_____

Dat klib, aktivite oswa evènman ap kòmanse: _____

Dat klib, aktivite oswa evènman ap fini: _____

Lokasyon klib, aktivite oswa evènman: _____

Non klib, aktivite (plizyè klib/aktivite), non esponsò evènman:

_____

Envite ki ka patisipe nan klib, aktivite oswa evènman:_____

Pwograme Jou Lasemenn: (Ansèkle tout sa ki aplikab)

Lendi Madi Mèkredi Jedi Vandredi Samdi

Pwograme Akilè: Apati_____ Rive_____

Mwen bay pitit mwen pèmisyon patisipe nan aktivite paraskolè oswa pwogram siplemantè, non oswa pwogram la mansyone anwo a nan dat ak èdtan ki mansyone anwo a, pou ane eskolè 2024-25.

Non Paran:_____Telefòn: _____

Siyati Paran: _____ Dat: _____

Jou lasemenn ak èdtan ki pwograme ka chanje nenpòt lè pandan ane eskolè a. Esponnsò aktivite/klib ap kontakte paran grasa fòm kominikasyon pre-detèmine alavans epi ap notifye fanmi de tout chanjman ki va fèt nan orè ak dat/jou reyinyon. Kontak lè Ijans (Emèjennsi)

Non: _____Telefòn: _____

Anvan patisipasyon elèv la klib, aktivite oswa esponnsò evènman dwe soumèt epi konsève fòm la.

BED<ht/is/11/25>Document translated by the Bilingual/ESOL Department (11/25)

Appendix B

PreK-12 Preferred Title and Pronoun Request Form

BED<ht/is/11/25>Document translated by the Bilingual/ESOL Department (11/25)

THE REMAINDER OF THIS PAGE HAS BEEN LEFT INTENTIONALLY BLANK.

Paran/Gadyen Legal
Fòm Demann Itilize Tit ak Pwonon Prefere K-12

Lekòl Piblik, *Broward County Public Schools (BCPS)* sipòte dwa fondamantal paran pou li ranpli yon wòl dirèk nan edikasyon pitit li. Pèsonèl BCPS konprann ka gen sikonstans lè yon paran vle mande itilize yon non, tit, prefere, oswa pwonon espesifik pou pitit li; sepandan, lwa Florid, Florida Statute §1000.071, pa otorize anplwaye lekòl yo mande elèv yo tit oswa pwonon prefere yo. Yo kreye fòm sa pou pèmèt paran enfòme Distri a ansanm ak lekòl pitit li, de tit pèsonèl ak/oswa pwonon prefere pitit li*. ***SÈLMAN sou demann paran, bay paran fòm la pou li ranpli an prezans yon administratè lekòl la.***

Rule 6A-1.0955, F.A.C. ekzije tout distri eskolè obteni dabò konsantman paran pou itilize tout devyasyon non parapò ak non legal elèv la. Fòm Kat Enfòmasyon Elèv pou Kontak nan Ka Ijans/*Emergency Contact Form* kite paran deziye non li vle pèsonèl lekòl/distri a ka itilize lè yap adrese pitit li. **Si yon paran vle deziye yon non prefere pou pitit li, paran dwe fè konnen sa sou fòm *Emergency Contact Form*.**

Lè ou konplete fòm sa, ou dakò bay Distri ak anplwaye lekòl la pèmisyon itilize tit pèsonèl ak/oswa pwonon espesifye anba a nan tout dokiman eskolè ki pa ofisyèl epi pandan evènman anrapò ak lekòl*.

<u>Enfòmasyon Elèv (Tanpri ekri an lèt detache):</u>
Non legal elèv la jan li parèt sou akdenesans la: _____
Dat Nesans Elèv la (MM/JJ/AAAA): ___/___/_____
Idantifikasyon (ID) Elèv: _____ Klas elèv la ap fè: _____ Lekòl: _____

<u>Ki tit pèsonèl anplwaye ka itilize lè yap refere a pitit ou/pale ak pitit ou nan lekòl la?</u>
Anplwaye lekòl la ka itilize tit (plizyè) pou pale ak pitit mwen (vledi., Miss, Ms., Mr., Mx. etc.)*: _____

<u>Ki pwonon anplwaye ka itilize pou pale ak pitit ou nan lekòl la?</u>
Anplwaye lekòl la ka pale ak pitit mwen epi itilize pwonon prefere sa-yo*: _____
**Tanpri note yo pap ekzije anplwaye itilize tit ak/oswa pwonon prefere pitit ou, ki pa koresponn ak sèks li alanesans; (F.S. §1000.071).*

Lè mwen siyen fòm sa, mwen mande anplwaye lekòl ak estaf Distri a, fè tout posib rekonèt epi itilize tit ak/oswa pwonon pèsonèl prefere pitit mwen nan lekòl la epitou lè yap kontakte lakay mwen. Mwen konprann enfòmasyon sa, kolekte, ap pataje avèk administrasyon lekòl la, pwofesè, konseye, epi lòt anplwaye sipò pou yo menm ka itilize non ak/oswa prefere pitit mwen.

_____ _____
Non ak Siyati Paran/Gadyen Legal Dat

_____ _____
Nimewo Telefòn Paran/Gadyen Legal Imel Adrès

_____ _____
Temwen Siyati Paran, Prenon ak Non Li (Yon administratè lekòl la dwe prezan) Dat

BED<ht/is/11/25>Document translated by the Bilingual/ESOL Department (11/25)

Anèks C

Resous Sipò

Resous anba a pa destine pou pwofesè itilize nan preparasyon leson, enstriksyon nan saldeklas, oswa pandan sik pedagojik. Resous sa yo disponib pou paran ak fanmi yo ka konsilte; se resous ki disponib onivo Nasyonal, Leta, ak Lokal nan bi ede pitit yo.

Resous pou Paran ak Fanmi

- **U.S. Depatman Edikasyon,** Ofis Dwa Sivil – resous sa yo ka enterese LGBTQI+ elèv ak alye, ikonpri dwa ak pwoteksyon anba Title IX.
- **Florida Depatman Edikasyon – founi resous pou distri eskolè ak fanmi.**
- **Equality Florida,** LGBTQ+ inisyativ Sekirite & Sante Lekòl - founi zouti ak resous pou ede kreye epi afime anviwonnman pou tout elèv.
- **Kanpay Dwa Imen.** Lekòl Akeyan – resous, leson, ak lide pou kreye yon anviwonnman eskolè enklizif.
- **GLSEN –** distribye gid pou elèv ak edikatè pou soutni esperyans eskolè yo.
- **Aprantisaj pou Jistis** – leson adapte pou elèv ki gen laj apwopriye, plan leson sou ras, klas, sèks/*gender*, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl/*gender identity*, relijyon, ak kapasite.

Resous Lokal pou Paran ak Fanmi

- **Kominote Fondasyon Broward, Broward Pride –** Bi Broward Pride se ini divès kominote pou asire egalite, jistis, epi enklizyon vwazen LGBTQ nou atravè Broward.
- **PFLAG Broward** – founi sipò, enfòmasyon, ak resous pou LGBTQ+ moun, paran ak fanmi yo, epi alye.
- **The Pride Center at Equality Park** – The Pride Center (Sant Lafyète) satisfè bezwen sante, sosyal, edikatif, sosyo-ekonomik ak sekirite pou LGBTQ+ kominote epi alye yo.

Prevansyon-Swisid Resous pou Paran, Fanmi, ak Elèv

- **9-8-8 Suicide and Crisis Lifeline** – 9-8-8 Telefòn asistans nan kwa swisid ak nan sitiyasyon kriz - Nan lane 2020, Kongrè deziye nouvo kòd telefòn 988 moun ka rele; se National Suicide Prevention Lifeline. SAMHSA kap asire fonksyonnman 988 kòm premye etap pou transfòme sistèm swen nan sitiyasyon kriz ann Amerik.
- **2-1-1 Broward -** 211 Broward se yon liy telefonik ki fonksyone 24trè vledi lajounen kou lannwit, dirèk, resepsyonis antrene ap reponn epi ap ofri moun sipò nan sitiyasyon kriz, sèvis sante ak sèvis imen, epi konekte yo ak resous disponib anndan kominote nou.
- **Crisis Text Line –** Tekste FL to 741741 nan sitiyasyon kriz
- **The National Suicide Prevention Lifeline –** Prevansyon swisid onivo nasyonal, gen yon seksyon resous spesifik pou LGBTQ+ moun epi moun kap okipe yo. Liy telefonik dirèk pou asistans: 1-800-273-TALK (8255).
- **The Trevor Project** – gen konseye antrene kap ofri jenn yo nan sitiyasyon kriz, ki santi yo vle touye tèt yo, oswa ki bezwen pale ak yon moun ki pap jije yo epi kote a sekirize. Liy telefonik la fonksyone sèt jou sèt, 24/7. Telefòn Trevor Lifeline 1-866-488-7386.